Chè fanmi,

Jodia, 13 mas se dènye jou pou aplike pou pre-K. Si w gen yon timoun ki fèt an 2019, aplike kounye a!

**Ou deja aplike?** Si se sa, ou pa gen anyen pou fè ankò.

**Èske w poko aplike?** Aplike jodia nan youn nan twa fason sa yo:

1. **Sou entènèt atravè MySchools.nyc jiska 11:59 pm**. Gen sipò disponib nan dis lang. Pa bliye klike sou bouton "Submit Application" an — lè w wè konfeti yo, w ap konnen nou resevwa aplikasyon w lan. Videyo eksplikasyon sa a ap gide w atravè pwosesis la.
2. **Pa telefòn nan 718-935-2009 avan 6pm**. Gen sipò nan lang ki disponib nan plis pase 200 lang atravè telefòn.
3. **Atravè yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center) jiska 3pm.** Ou ka jwenn adrès yo sou sitwèb nou an.

Ou ka mete jiska 12 chwa pwogram pre-K nan vrè lòd ou pi pito yo a, avèk premye chwa w la anlè kòm # 1. Tout fanmi ki aplike nan delè a, pral jwenn yon òf. Jwenn plis enfòmasyon sou admisyon nan pre-K la a.

Si w gen kesyon, nou la pou nou ede. Telefone nan 718-935-2009 oswa voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov.

Bon siksè,

Ekip pou admisyon nan lekòl primè

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w pou mete non w (sign up) sou lis imèl pou admisyon nan Pre-K nou an.

**Si w pa vle resevwa imèl ankò** nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike la a pou yo retire non w.